# «Қарақалпақ суў тәмийнаты» ЖШЖ менен Баспасөз конференциясы болып өтти

Бүгин Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлигиниң мәжилислер залында «Қарақалпақ суў тәмийнаты» ЖШЖ тәрепинен 2020-жыл даўамында әмелге асырылған жумыслар сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасында 2021-жыл 21-январь сәнесинен баслап ишимлик суўына жаңа баҳаның енгизилип атырғанлығына байланыслы келип шығып атырған сораўлар бойынша Баспасөз конференциясы болып өтти.

Image not found or type unknown

Онда, "Қарақалпақ суў тәмийнаты" жуўапкершилиги шекленген жәмийети баслығы, тийисли жуўапкерлер менен журналист ҳәм блогерлер қатнасты. Баспасөз конференциясында журналист ҳәм блогерлер тәрепинен берилген сораўларға тараў қәнигелери тәрепинен ҳәр тәреплеме жуўап берилди. Сондай-ақ, анық түсиникке ийе болыўы ушын таза ишимлик суўын тутыныў ушын жарамлы ҳалға келтириўге шекемги процесс виидеокөринислерде баян етилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети